



PWOSEDI AK PWOSEDI PREVANSYON VYOLANS NAN LWA TRAVAY – Nan tout eta a	
DHR-STW-Politik # : DHR-STW-605.1	Otorite : 29 Del. C § 5806; 29 Del. C. § 9003D; Règ Merit (Merit Rule) 12.4
Dat Efektif : 17 Avril, 2023	Dat Revizyon : 28 Me, 2024
Ranplase : Règleman 01.08 Vyolans Nan Espas Travay Eta Delaware (State of Delaware Workplace Violence Policy 01.08)	Siyati : <i>Claire M. DeMatteis</i>
Aplikasyon : Branch Ajans Egzekitiv	

1. Deklarasyon Objektif Règleman

Eta Delaware pran angajman pou l bay tout anplwaye yo yon espas travay ki san danje, sekirize, ki san asèlman, menas, entimidasyon ak vyolans. Se devwa chak anplwaye pou kenbe yon espas travay ki san danje. Règleman sa a re-etabli pou kontinye bay yon espas travay ki san danje, diminye risk vyolans, bay pwosedi ak sipò ki reponn, epi kominike ke vyolans nan espas travay yo p ap tolere.

2. Dimansyon

Règleman sa a aplike a tout anplwaye Branch Egzekitif ki gen ladann entèn ki pa peye, anplwaye an komen, ak apranti.

3. Definisyon ak Akwonim

- **Lokal Travay Altènatif** - Lokal travay apwouve ki diferan de sit local travay anplwaye yo kote biznis ofisyèl leta a fèt. Kote sa yo ka gen ladan, men yo pa limite a, rezidans anplwaye yo ak/oswa yon lòt biwo.
- **Vyolans nan Espas Travay** - Yon aksyon (agresyon vèbal, ekri, oswa fizik) ki gen entansyon kontwole oswa koze, oswa ki kapab lakòz lanmò oswa blesi kòporèl grav pou moun nan oswa lòt moun oswa andomajman nan pwopriyete. Vyolans nan espas travay la gen ladan konpòtman oswa langaj abizif, konpotman pou entimide oswa asele oubyen pawol kont otorite, kanmarad, kòlèg travay, oswa nenpòt anplwaye leta. Pou règleman sa a, yo konsidere yon anplwaye nan espas travay la pandan l ap itilize resous anplwaye a pandan l ap travay sou plas nan enstalasyon leta yo, lè l ap sèvi avèk ekipman, oswa machin, epi pandan l ap vwayaje pou travay oswa nan yon kote kote biznis leta oswa aktivite patwone fèt ki gen ladan Lokal Travay Altènatif.

4. Règleman

- a. Eta a pa dwe tolere okenn kalite vyolans nan espas travay ke anplwaye yo fè oswa ki fèt kont yo.

- b. Li entèdi pou anplwaye yo fè menas oswa angaje nan konpòtman oswa aktivite vyolan.
- Lis konpòtman sa yo, byenke yo pa enklizif, bay egzanp kondwit ki entèdi:
 - konpòtman agresif oswa ostil ki kreye yon laperèz objektiv rezonab pou blese yon lòt moun oswa soumèt yon lòt moun nan detrès emosyonèl;
 - andomaje entansyonèlman pwopriyete anplwayè a oswa byen yon lòt anplwaye;
 - frape oswa bouskile yon moun ak nenpòt pati nan kò yon moun ak/oswa yon objè;
 - menase yon moun pou fè yo mal oswa fanmi, zanmi, asosye, oswa pwopriyete yo;
 - destriksyon entansyonèl oswa menas destriksyon pwopriyete leta posede, opere oswa kontwole;
 - fè apèl telefòn pou fè asèlman oswa menas;
 - voye imèl, lèt, oswa lòt fòm kominikasyon ekri oswa elektwonik oswa medya sosyal pou fè asèlman oswa menas;
 - Entimidasyon oswa eseye fòse yon anplwaye pou li fè zak ki pa kòrèk, jan sa defini nan lalwa, règ administratif oswa règleman ki aplikab, ki ta afekte enterè biznis eta a;
 - swiv oswa siveye yon lòt moun volontèman, malveyaman, epi yon fason ki repete ki ka lakòz lòt moun nan pè de fason rezonab pou sekirite yo;
 - sijere oswa fè konnen ke yon zak pou andomaje moun oswa “apwopriye”, san gade kibò sijesyon an te fèt;
 - posesyon yon zam pandan ou sou pwopriyete anplwayè a oswa panda w ap regle biznis anplwayè a (sof si espesyalman apwouve pa Cabinet Secretary/Agency Head kòm yon obligasyon ki an rapò ak travay la);
 - Komet zak vyolans ki motive pa, oswa an rapò ak, laj, ras, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, sèks, andikap, sitiyasyon matrimonyal, asèlman seksyèl, oswa vyolans domestic.
- c. Anplwaye ki te temwen oswa ki te resevwa menas, oswa ki te sibi sitiyasyon potansyèlman danjere, dwe responsab pou notifye sipèvizè yo oswa biwo Resous Imèn yo.
- d. Eta a pral entèvni aktivman nan nenpòt ki endikasyon nan yon sitiyasyon posib ostil oswa vyolan.
- e. Tout ensidan yo dwe envestige pi vit posib. Anplwaye Deziyen ki responsab pou jere envestigasyon yo ta dwe sonje pou yo fè entèvyou ak moun ki te viktim yo nan yon fason ki gen respè ak senpati lè yo demontre konpasyon, pasyans, ak konpreyansyon.
- f. Nan diskisyon Sekretè Kabinè a oswa Chèf Ajans la, yon anplwaye ki montre siy avètisman, sentòm, ak/oswa faktè risk, ki endike vyolans, yo ka resevwa enstriksyon pou li soumèt nan yon evalyasyon sikolojik pou detèmine kapasite pou travay la.
- g. Règleman sa a ankouraje tout anplwaye leta yo pou yo konnen pwoblèm ki gen rapò ak vyolans domestik ak enpak li sou espas travay la. Pèsonèl Resous Imèn Ajans yo ka dirije anplwaye yo nan resous pou swa aprann plis sou oswa resevwa sèvis ki gen rapò ak vyolans domestik. Tanpri gade Règleman sou Vyolans Domestik, Vyolans Seksyèl ak Pèsekisyon Eta a nan Seksyon 9 Règleman sa a.

- h. Zak agresyon ak konpòtman vyolan mande aksyon imedyà. Lè prezans yon anplwaye nan espas travay la ta mete an danje sekirite lòt moun, sekirite, oswa konfyans piblik la, yo ka retire anplwaye a imedyatman de espas travay la san pèt salè.
- i. Ajans yo dwe devlope yon plan kriz ke yo pataje ak anplwaye ajans yo pou yo konnen ki jan yo reyaji nan yon kriz, ki gen ladan ki moun ki responsab pou jere ak reponn a means yo. Plan sa a ta dwe bay pou:
 - rapòte ensidan yo bay otorite lokal ki fè respekte lalwa; sekirize zòn travay kote twoub yo te fèt;
 - kenbe sekirite fizik anplwaye yo ak lòt moun ki rete nan zòn nan pi vit posib;
 - fè aranjman pou pa gen okenn zòn travay ki manke anplwaye pandan ke lòt moun ap ede viktim nan oswa ede sekirize zòn nan; epi
 - evalye rapidman sekirite zòn travay la si li te deranje oswa andomaje pandan yon ensidan.
- j. Vyolasyon règleman sa a kapab yon rezon pou disipline jiska epi enkli revokasyon dapre estanda ki aplikab pou anplwaye a. Depoze yon plent ki fo oswa de movèzfwà se yon abi nan règleman sa a epi yo dwe trete tou kòm yon vyolasyon règleman sa a.
- k. Eta a entèdi vanjans epi li pral pran aksyon rapid ak efikas an repons a akizasyon vyolasyon politik sa a. Pa gen okenn difikilte tanjib mèb, pèt, oswa penalite ka enpoze sou yon anplwaye an repons a:
 - Depoze oswa reponn yon plent pou diskriminasyon oswa asèlman
 - Parèt kòm temwen nan ankèt sou yon plent; oswa
 - Sèvi kòm yon investigatè nan yon plent.
- l. Atravè ranfòsman politik sa a, oryantasyon ak edikasyon anplwaye yo, Eta a ap chèche anpeche ak adrese vyolans nan espas travay la.

5. Pwosedè

- a. Anplwaye yo oblije enfòmè reprezantan Resous Imèn (Human Resources) yo oswa sipèvizè yo si yon anplwaye montre konpòtman ki ta ka yon siy yon sitiyasyon ki kapab danjere. Konpòtman sa yo ka gen ladan:
 - diskite sou zam oswa pote yo nan espas travay la;
 - montre siy aparàn estrès ekstrèm, rayisman, ostilite, oswa kolè
 - fè remak menasan;
 - deteryorasyon toudenkou oswa enpòtan nan pèfòmans;
 - montre yon konpòtman irasyonèl oswa ki pa apwopriye;
 - lage sijesyon sou konesans zam;
 - fè deklarasyon entimidasyon tankou: "Ou konnen sa ki te pase nan biwo lapòs la," "Mwen pral vanje m" oswa "Ou poko fin tande pale de mwen."
 - siy fizik de respirasyon difisil, po ki vin wouj, fiksasyon menasan, pale fò, diskou gwosye rapid;
 - gen yon obsesyon amourèz ak yon kòlèg travay ki pa pataje enterè sa a;
 - kòlè entans oswa mank anpati;
 - istorik konfli entèpèsònèl;
 - pwoblèm domestik, ak/oswa fanmi ki pa estab/ki pa fonksyone;

- b. resasman, ajitasyon frekan, ak konpòtman etranjYo dwe fè rapò sou swadizan vyolans nan espas travay yo alekri annakò ak Règleman sou Estanda Kondwit yo oswa lòt règleman Eta ki apwopriye yo.
- c. Yon sipèvizè ki obsève oswa ki gen dokiman sou pèfòmans travay oswa pwoblèm kondwit ki ka yon vyolasyon posib nan règleman sa a dwe konsilte reprezantan Depatman Resous Imèn yo te plase nan ajans yo pou konsèy ak rekòmasyon posib pou anplwaye a kontakte [Pwogram Asistans Anplwaye \(Employee Assistance Program\)](#) Eta Delaware pou konsèy ak sipò.
- d. Rapò oswa ensidan ki mande konfidansyalite yo dwe trete kòm sadwa, epi enfòmasyon yo pral divilge bay lòt moun inkiman sou yon baz bezwen-a-konnen (need-to-know).
- e. Apre yon ankèt, investigatè a prepare yon rapò alekri (Rapò) ki gen rezilta, konklizyon, ak rekòmasyon. Si yo detèmine ke yon vyolasyon règleman sa a te fèt, investigatè a pral travay an kolaborasyon ak reprezantan jesyon ajans lan pou detèmine aksyon korektif apwopriye. Aksyon korektif ka gen ladan, men se pa sa sèlman, referans obligatwa bay EAP, fòmasyon adisyonèl, ak aksyon disiplinè jiska revokasyon.
- f. Ajans ki entereze devlope yon plan pou kriz ka kontakte Lapolis Kapitòl (Capitol Police) pou jwenn asistans.

6. Eksklizyon oswa Eksepsyon

- Branch Lejislatif ak Jidisyè ak Biwo Ofisyèl Eli yo eskli men yo ankouraje pou yo adopte règleman sa a.
- Si yo depoze yon plent kont yon anplwaye nan yon pozisyon ranfòsman lalwa ki gen klasifikasyon ki kouvri pa Deklarasyon Dwa Ofisyè Lapolis yo [Law Enforcement Officers' Bill of Rights (LEOBR)], ajans yo dwe swiv pwosedi investigasyon LEOBR ak lòt pwosedi yo.
- Depatman Koreksyon Delaware (Delaware Department of Corrections) kenbe yon pwosedi investigatif separe ki kondwi pa Sipèvizè Koreksyonèl (Correctional Supervisors) ran nan chak etablisman, ki dwe aplike.
- Eta a pa oblije bay fòmasyon dapre souseksyon sa a pou aplikan, kontraktè endepandan, oswa anplwaye ki anplwaye pou mwens pase 6 mwa kontinyèlman.

7. Distribisyon ak Fòmasyon

- Yo dwe distribye règleman sa a bay tout anplwaye ki fèk anboche yo nan kòmansman travay la, epi anplwaye yo dwe rekonèt yo nan 30 jou.
- Règleman sa a egzije pou anplwaye yo patisipe nan fòmasyon Workplace Violence deziyen an ke Delaware Learning Center (DLC) a bay nan lespas 30 jou apre yo kòmanse travay yo efektif 11 Septanm, 2023. Règleman sa a dwe afiche sou sit entènèt DHR la.
- Anplwaye yo dwe li ak konfime resepsyon règleman sa a nan Delaware Learning Center a, oswa si pa aplikab pa lot mwayen, nan lespas tan deziyen an.

- Chèf ajans DHR yo dwe revwa règleman sa a ak nenpòt moun ki liste nan Section 2 Règleman an. Dimansyon ki pa resevwa mesaj DLC yo.
- Ajans yo dwe poste yon kopi règleman sa a nan yon kote annevidans oswa plizyè kote nan lespas travay la, gen ladann tou bay lyen sou sit entènèt apwopriye yo.
- Anplwaye ak sipevizè yo dwe patisipe nan fòmasyon obligatwa yo jan DHR mande a.

8. Rapò Done

- Tout ajans yo oblije kenbe dosye sou plent ki akize de vyolasyon règleman sa a annakò ak pwogram retansyon Eta a.

9. Règleman/Regilasyon/Enfòmasyon Asosye

- [Règleman Vyolans Domestik, Vyolans Seksyèl, ak Pèsekisyon \(Domestic Violence, Sexual Violence, and Stalking Policy\)](#)
- [Pwogram Asistans Anplwaye \[Employee Assistance Program \(EAP\)\]](#)
- [Règleman Espas Travay Respektye ak Anti-Diskriminasyon \(Respectful Workplace and Anti-Discrimination Policy\)](#)
- [Règleman ak Pwosedè sou Estanda Kondwit \(Standards of Conduct Policy and Procedures\)](#)
- [Gid Eta Règleman pou Prevansyon Tirè Aktif \(State Active Shooter Prevention Policy Guidelines\)](#)
- [Orè Jeneral Retansyon Ajans Eta a \(State Agency General Retention Schedule\)](#)

10. Apendis ak Fòm Asosye ak Règleman sa a

- Okenn.

11. Pwopriyetè politik

- Non Divizyon : Divizyon Jesyon Talan
- Pwopriyetè politik : Direktè Divizyon Jesyon Talan
- Sitwèb : [DHR- Talent Management \(delaware.gov\)](https://delaware.gov)

Règleman sa a pa fèt pou kreye okenn dwa endividyèl oswa kòz aksyon ki pa deja egziste epi ki pa rekonèt dapre lwa Leta oswa Federal. Si gen yon konfli ak, sa vle di, lwa a oswa regilasyon ak règleman sa a, lwa a ak/oswa regilasyon yo gouvènè.